Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 50 (6570) 16 октябрь 2017 с. Итни МухIаррам 1439 с. Багьа 5 гъур.



БАРКИ

## Баркула нухазул магIишаталъул хIалтIухъабазда!

ХIурматиял Гумбет районалъул нухазул магIишаталъул хIалтIухъаби! Баркула нужеда профессионалияб байрам - нухазул магIишаталъул хIалтIухъабазул къо!

Район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе кIудияб кIвар бугел автомобилал хьвадулел нухал гьари ва къачIай Гумбеталда лъикI унеб буго. Нужер хIаракатаб хIалтIул хIасилалда бараб буго районалъул халкъалъул хIинкъи гьечIел, парахатал сапаралги, гIадамазул рес буголъиги, гьезул гIумру лъикIлъиги. РакI чIараб буго, нужер жигарчилъиялда, хIалбихьиялда мугъчIвайги гьабун, гьеб рахъалъ нилъее бергьенлъаби щвезе рукIиналда.

Гьарула, нужее щулияб сахлъи, хъизаналда талихI-рохел, захIматалъулаб хIаракатчилъиялъулъ чIахIиял бергьенлъаби!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЦIияб ЦIиликь – росдал магIишаталъул къо

### Шамил имамги ракIалде щвезавуна, мини-футболалъул байданги рагьана

**8 октябралда росдал магIмагIишаталъул хIалтIухъанасул къо кIодо гьабуна Бабаюрт районалъул зонаялда бугеб ЦIияб ЦIиликь росулъ. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIманов, экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимов, районалъул администрациялъул физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурмухIамад МухIамадов, информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудинов, СПКязул, КФХязул, ЛПХязул нухмалъулел, росабазул бутIрул ва цогидалги**.

Саламалъулаб кIалъай гьабулаго, ХIайбула ГIабдурахIмановас Гумбет районалъул бетIерасул рахъалдасан росдал магIишаталъул хIалтIухъабазда баркана байрам ва гьарана хIалтIулъ бергьенлъаби.

Гумбет районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас жиндирго кIалъаялда бицана районалъул росдал магIишаталда бугеб хIал.



«Дагъистан цебетIеялъул «Хайир бугеб агропромышленнияб комплекс» проектги гIумруялде бахъинабулаго, районалда лъикIалан хIалтIи гьабун буго. «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул ракьалда ЛПХялъул 60 чIегIер хIайваналъе бакI бугеб ферма бан буго Халид Халидовас, Аргъваниб «Салам» КФХялъ бана 500 гIиялъажоялъе бокь, МелъелтIаса Шихали МуртазагIалиевас Энчедахаб абулеб гIалахалда балеб буго 120 чIегIерхIайваналъе ферма, гьединго ЛПХялъул 120 чIегIер хIайваналъе ферма балеб буго Запир Эльмирзаевасул къуваталдалъун Нанибика хъутаналда.

Районалда цIиял ахал чIун руго 6 гектаралда. «Данухский» СПКялъ Ахтачихъан хъутаналда пиринчI бекьулел ракьал къачIана. 70 гектаралдаса бакIарана 280 тонна пиринчI», - ян абуна Ибрагьим Ибрагьимовас.

Росдал магIишаталъул къоялда хурхун тIобитIараб рохалилаб байрамалда кIалъаял гьаруна «Цилитлинский» СПКялъул нухмалъулев **МухIамадхIажи Загьидовас,** «Данухский» СПКялъул нухмалъулев **Якъубдибир Аминтазаевас,** «Гумбетовская» МТСалъул нухмалъулев **Пахрудин ГIалихIажиевас** ва цогидазги.

ХIалтIулъ бергьенлъаби щварал росдал магIишаталъул предприятиязул нухмалъулезе ва хIалтIухъабазе кьуна районалъул администрациялъул рахъалдасан грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Гьебго къоялъ ЦIияб ЦIиликь рагьана футбол хIалеб гьитIинаб байдан ва тIобитIана имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул хIурматалда мажлис. Футбол хIалеб байдан рагьулаго чIоло къотIана Гумбет районалъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас, «Сельсовет “Цилитлинский”» росдал поселениялъул бетIер **ГIалихан ДавудхIажиевас.**

Шамил имамасул юбилеялъул хIурматалда тIобитIараб мажлисалда ахIана мавлид, кIалъазе рахъана ЦIияб ЦIиликь росдал гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **Ражаб АхIмадхIажиев,** гьебго школалъул тарихалъул мугIалим **Шарапудин ГIалиханов.**

Росдал магIишаталъул хIалтIухъанасул къоялъул хIурматалда ЦIияб ЦIиликь тIоритIана спортивиял къецал. «ГIолилал – экстремизмалда ва терроризмалда данде» абураб ахIиялда гъоркь Гумбет районалъул командабазда гьоркьоб тIобитIана футбол хIаялъул турнир. Командабазда гъорлъ рукIана хъутабазда ругел росабалъа спортсменал. Турниралда чемпионлъун бахъана «ЦIиликь» команда, кIиабилеб бакI «Нарыш», лъабабилеб бакI «Первомайск» командабаз ккуна.

Гумбет районалъул бетIерасул рахъалдасан турниралда призовиял бакIал ккуразе гIарцулал сайгъатал, медалал ва грамотаби кьуна.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:

**Ицц бетIералдасан тIокIкIуна**



- 2 гьум .

**Каранда къараб хеч къурун бахъарав**



- 3 гьум .

**ГIакълудул къулгIаби – мугIалимзаби**



- 3 гьум .

ПИКРУ

# Ицц бетIералдасан тIокIкIуна

### РишватчагIацагун хIелхIелчагIаца хIулулеб, къакъалеб...

**ЧIахъагиян чIвалеб хъатги тIагIагиян хьвагIулеб тIилги**

Ахирал анкьазда Дагъистаналда ккарал лъугьа-бахьиназ гIемераб жоялъул пикру гьабизе тIамулел руго. Россиялда киса-кибего ва хас гьа-



бун Москваялда ришватчилъигун магIишатиял такъсирал рукIунарел гIадин, гIицIго Кавказалъ, Дагъистаналъ такъсирчилъи къватIибе гьурщулеб бугеб гIадин, цо-цо СМИяз тIадагьал, гьорлъе раккичIел баянал кьолел руго.

**Улюкаевги дагъистаниявищ?**

Гьедин батани, кавказиялищ кколел жидер «хIаракаталъул» хIасилалда уголовниял делаби рагьун рукIарал ва пачалихъалъул, халкъалъул буголъиялъул миллионал, миллиардал гъурщал тIагIинарунилан жидеде гIайибал гIунтIизарурал Россиялъул оборонаялъул министрлъун хIалтIарав Анатолий Сердюков, гьесул секретарь Евгения Васильева, Россиялъул экономика цебетIезабиялъул министрлъун хIалтIарав Алексей Улюкаев, МВДялъул экономикияб хIинкъигьечIолъи цIунулеб идараялъул хIалтIухъан, полковник Дмитрий Захарченко ва цогидалги?

**«ЧчугIа махIцуна бетIералдасан»**

«Откат» абураб рагIи Москваялъ малъана Россиялдаго. Цо кIудияв хъулухъчияс абуна: «Дица тIаса тIажу бахъаниги, «откат» гьоркь течIого, федералиял идарабаз республикаялъе гIарац биччаларо», – абун. ГIурусазул кици буго: «ЧчугIа махIцуна бетIералдасан». Аваразул аби ккола: «Ицц тIокIкIуна бетIералдасан».

...ГIемерал кIихIатIилаз жидерго цIайи, жал щалали лъазабуна гьал къояз. Дагъистаналъул бетIер хисизегIан, «чIахъаги, чIахъаги» бачунел рукIаралщинал гьанже «тIагIаги, тIагIаги» бачине журана. Гьеб буго кутакаб учузлъи.

«Къурул гIусал гIадал», «даим гIурччинал накIкIигъутIби гIадал» цо-цо магIарулалги тамахлъана, чарлъана, чухъарлъана, риун ана, кьерал хисизе журана. Хамеле-оналъул гIадин, тIомол кьерал батIи-батIиял раккана. 2013 -2017 соназда, кIалдибе лъим босарал гIадин, руцIцIун чIун рукIарал цо-цоязда кIалал рижана, гьез цевеса арав хъулухъчиясда хадуб цо-цо жо абизе, рехизе байбихьана. ГьедигIан «къвакIарал ва ритIухъльи хириял» гIадамал, хъулухъ тун хIаким инегIан, гьесул гIунгутIаби рихьизаричIого, нуж кир рукIарал? «Миллат» басмаялъ, масала, 2013-2017 соназда Дагъистаналъ росарал бергьенлъаби, лъикIал рахъал рихьизаруна, квешал рахъалги гьоркьор течIо, кколел ругел гъалатIазде кантIизаруна. Жакъа цевеса арав чи какулел чагIи, сон кир рукIарал нуж?

Гьеб буго цIакъго нахъегIанаб ва суркъаб гIамал. Аварагзаби ахираб заманалда дуняладда загьирлъичIо, гъалатIал камурал церехъабиги гьанже ракьалда гьечIо. Амма 2013-2017 соназда Дагъистаналда лъикIаб рахъалдехун кIудиял хиса-басиял кканищан абуни, ккана. Гьел хиса-басиял хьинтIана щивав дагъистаниясда. РакIлилаб, парахатаб гIумру бачIана республикаялде. Аллагьас балагьал рикIкIад гьареги хадурккунги.

**ГIаданлъун хутIи – кIудияб жавабчилъи**

Нагагь аваразда гьоркьоса авараг вахъун вукIаравани, гьевги какизе вукIана Дагъистаналда гIумру гьабун ругел цо-цо кIалги чIегIерал, махьаги чIегIерал, жаниса махIцарал, чорокал, инжитал, инсанлъиялъул тIабгI биларал жахIдачагIаз, бугьтанчагIаз, «богорукъалъул багьадурзабаз».

Гьединлъидал, 2013-2017 соназда Дагъистаналда бильлъанхъизабураб сиясаталда данде щибаб къойил тударарал тухъулаби руго, миллияб рокьукълъиялъ, миллияб жахIдаялъ ва миллияб гIисинлъиялъ хIалада течIел, рагъаризарурал, гьенкьезарурал, кIечIезарурал, макьу течIел, чIвачIвадизарурал ва цIадаризарурал лотиял.

МагIарул халкъалъул тарих, араб ва гьанжесеб хIал киназдаго лъала. Лъикьаниги нечезе кколеб тарих хьвачIо аварaз бидуца ва гIетIуца.

«Дир гьудул, ругьунаб чоца рехани, чодул мугъ бухуге, нухлул халгьабе», – гьедин хьвана ХIамзатил Расулица. БетIерлъи, цебехъанлъи буго бергьун кIудияб жавабчилъи. Гьединаго кIудияб жавабчилъи буго инсан инсанлъун хутIи. Тавпикъ кьеги тIолалго дагъистаниязе ва инсаниятальего гIадамаллъун хутIизе. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

ЦЕБЕТIЕЯЛЪУЛ НУХДА

# Бакълъул район – Дагъистаналдаго цересезул мухъилъ

### Дагъистаналъул приоритетниял проектал тIураялъул бугеб хIалалъул суал

**Дагъистаналъул бетIерасул ва хIукуматалъул администрациялъул нухмалъулесул заместитель Темирлан Шабановасул нухмалъиялда Гумбет районалда тIобитIана республика цебетIеялъул приоритетниял проектал тIураялъул бугеб хIалалъул суалгун данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана Дагъистаналъул бетIерасул ва хIукуматалъул администрациялъул гIуцIиялъулабгун проектниялъ управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабидов, гьебго идараялъул проектнияб хIаракатчилъиялъул гIуцIиялъул отделалъул консультант МухIамад ХIажиев, Дагъистаналъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министерствоялъул росдал магIишаталъул пайда кьолел ракьазул хьаравуллъи гьабиялъул ва мониторингалъул отделалъул нухмалъулев **Жамбулат Шаибов**, Гумбет районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби, росабазул поселениязул бутIрул, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел.

Данделъи рагьулаго, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **Рамазан АхIмаднабиевас** гьалбадериде саламалъулал рагIаби абуна ва бицана Дагъистан Республика цебетIеялъул приоритетниял проектал тIураялъе Гумбеталда гьабулеб бугеб хIалтIул.

«Социалиябгун экономикияб цебетIеялъул ахирисеб лъабго соналъул хIасилазул халгьабуни, лъикIал хIасилал щун руго нилъее. Соналдa



са соналде цебетIей буго. БакIалъулаб самоуправлениялъул хIаракатчилъиялъе къимат кьолаго, Дагъистаналда хIалтIи лъикI гIуцIаразул кьерда бакълъулалги руго», - ян абуна Рамазан АхIмаднабиевас.

Хадув кIалъазе вахъарав Темирлан Шабановас бихьизабуна рехсараб данделъи Гумбет районалда тIобитIулеб бугин гIуцIиялъулабгун проектнияб управлениялъул хIалтIуе къимат кьей мурадалда ва бицана Дагъистаналъ гIахьаллъи гьабулеб букIин 7 приоритетнияб проекталда.

Проектнияб хIаракатчилъиялъул цIиял къагIидаби хIалтIизаризе ккеялъул бицана МухIамад ГIабидовас.

Гумбет районалда Дагъистан цебетIеялъул приоритетниял проектал тIураялъе гьабулеб бугеб хIалтIул бицана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал **РурухIма Халидовас, ХIайбула ГIабдурахIмановас, АхIмад Сулаймановас, Малик Маликовас,** районалъул администрациялъул аппаратальул нухмалъулев **ИсмагIил Салатгереевас**, экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХIусен Мутаевас,** гьесул заместитель **Ибрагьим Ибрагьимовас.**

Данделъиялъул хIасилалги гьарун, Темирлан Шабановас абуна Гумбет районалда приоритетниял проектал тIурай лъикI гIуцIун бугилан. Гьеб рахъалъ гьабураб хIалтIудаса разилъи загьир гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

ЦАГЪУР

# Налогалъ хьихьула росу ва пачалихъ

### Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов дандчIвана налогазул хъулухъалъул хIалтIухъабигун

**Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов дандчIвана Россиялъул Федерациялъул налоговияб хъулухъалъул Дагъистан Республикаялда бугеб районазда гьоркьосеб № 12 инспекциялъул нухмалъулев МухIамаднаби Набиевгун.**

ДандчIваялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель РурухIма Халидов ва Гумбеталъул ТОРМалъул нухмалъулей Асият ГIумарахъаева.

ДандчIваялда рорхана налогал ракIари лъикI гIуцIиялъул суалал. ХIажимурад МухIамадовас абуна Гумбеталда налогазул база гIуцIиялда рахъалъ гьабулеб хIалтIи лъикI бугин.

Хадув МухIамаднаби Набиевас бицана буголъиялда, ракьалда, транспортлда лъурал налогал ракIариялъе Гумбеталда гьабураб хIалтIи, рехсана налъаби ругел бакIал ва гьел ракIариялъе гьаризесел



тадбирал.

«Бюджеталъул доходазул бутIаялда тIаде гIарац бачIине ккани, налогал ракIаризе ккола, ахиралдаги бакIазда масъалаби тIуразе гьелъ кумекги гьабула. Доходалъул бутIа цIикIкIиналъе аслиял масъалабазул цояблъун ккола хIисабалде росичIел ракьул участкаби ва рарал бакIал тIатинари. Гьединго хIалтIи гьабулеб буго Гумбет район тун къватIир ругел предпринимателаз гIагараб районалда хьвайхьвагIай гьабиялъе», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

# «Мехельтинский» СПКялъул куйдузе – тIоцебесеб бакI

### Шапакъат кьуна Россиялъул росдал магIишаталъул министр Александр Ткачевас

**Гумбет районалъул «Мехельтинский» СПК гIахьаллъана Москваялда тIобитIараб халкъияб магIишат цебетIеялъул ТIолгороссиялъул выставкаялда.**

Выставкаялда рихьизарулел рукIана гIандадерил хьачIаб квасул тайпаялъул хьахIал куйдул. «Мехельтинский» СПКялъул гIияв фермаялъул куйдузе выставкаялда меседил медаль щвана. Гьеб кьуна Россиялъул Федерациялъул росдал магIишаталъул министр Ткачев Александр Николаевичас.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Каранда къараб хеч кьурун бахъарав

### Шамил имам гьавуралдаса 220 сон тIубай кIодо гьабизе буго 21 октябралда Аргъваниб

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда тIобитIана машгъурав пачалихъияв ва динияв хIаракатчи, Кавказалъул халкъазул миллияв бахIарчи, рухIияв цевехъан имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул юбилей кIодо гьабиялъул суалгун гIуцIиялъулаб комитеталъул данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъана гIуцIиялъул комитеталъул членал, районалъул бетIерасул заместителал, учреждениязул, организациязул нухмалъулел, росабазул бутIрул ва цогидалги.

«2017 соналъул 2 маялда Дагъистан Республикаялъул бетIерас Указ хъван букIана «Имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул байрам тIобитIиялъул хIакъалъулъ». Гьелда бихьизабулеб букIана:



«Муниципалиял районазул ва шагьаразул округазул самоуправлениязул бакIалъулал органазе лъикIаблъун бихьизабулеб буго имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул юбилейлъе хIадурлъиялда ва тIобитIиялда хурхарал тадбиразулъ гIахьаллъизе» - абун.

Гумбет районалда лъагIел халаса гIемерал тадбирал тIоритIулел руго имамасул юбилеялда хурхун. Библиотекабазда тIоритIулел руго гIелмиялгун практикиял конференциял, школазда – имам Шамилил хIакъалъулъ кучIдул рикIкIиналъул конкурсал, гьарулел руго АхIулгохIде мемориалияб комплексалде сапарал.

Имам Шамилил юбилеялда хурхун, кIудияб тадбир тIобитIизе буго имамасул хъулбузул цояблъун кколеб Гумбет районалъул Аргъвани росулъ», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Имам Шамилил юбилей кIодо гьабиялде хIадурлъиялъул бицана гIуцIиялъулаб комитеталъул членаз.

«Имам Шамилида цадахъ рагъаразул, Аргъвани росу цIуниялда 1839 соналъ наслуялъул чагIи, Лаваша районалъул ЦIадахIари росулъа гIадамал араб анкьалъ рачIун рукIана нижер росулъе. Гьез зиярат гьабуна жидерго умумул хварал бакIазде. ЦIадахIарисез абуна Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул байрамалде рачIине ругилан. Эргъвендерил жамагIат хIадур буго гьалбал къабул гьаризе», - ян абуна «Сельсовет Аргванинский» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер АхIмадбег Ибрагьимовас.

Юбилеялъулаб программаялда руго тарихчагIазул, диниял ва жамгIиял хIаракатчагIазул цераразхъинал, чуял риччай, спорталъул миллиял тайпабазул къецал ва цогидалги тадбирал.

**«Гумбет» РИО**



МелъелтIа росдал авал

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# ГIакълудул къулгIаби – мугIалимзаби

### Районалъул ва росабазул нухмалъулез лъай кьеялъул хIаракатчагIи кIодо гьаруна

### МугIалимзабазул ва цIалул церехъабазул къо

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул кIалгIаялда, 5 октябралда тIобитIана Россиялъул учителасул къо ва районалъул школазул цIалул церехъаби кIодо гьарураб данделъи. Гьелда гIахьаллъана районалъул лъайкьеялъул гIуцIабазул церетIурал педагогал, Россиялъул Федерациялъул ва Дагъистаналъул мустахIикъал учительзаби, РФялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматиял хIалтIухъаби, педагогикияб захIматалъул ветеранал, цIалул церехъаби.**



Гьединго данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал, росабазул администрациязул бутIрул, районалъул учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел. Гьеб рагьилелде цебе бихьизабуна учителасул къоялда хурхун видеоролик. Данделъи рагьана ва бачана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методикияб централъул методист **ПатIимат ГьалбацIовалъ ва ГIабдула МухIамадовас.** МугIалимзабазда байрам баркун цере рахъана «Бакъ» ясли-ахалъул лъимал.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **ХIажимурад МухIамадовас** мугIалимзабазде бачIараб баркалаялъулаб кагъат цIалана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановас**. Байрам баркун кIалъазе вахъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул кумекчи **МухIамад Хьарагишов** ва кьуна районалъул бетIерасул рахъалдасан 2016-2017 цIалул соналда цIалдохъабазе тарбия-лъай кьеялъулъ росарал тIадегIанал хIасилазе, гIемерсоназулаб хIалтIуе гIоло ва учителасул къоги баркун 11 мугIалимасе хIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас республикаялда тIоритIарал конкурсазда лъикIал хIасилал рихьизарураз кьуна ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Данделъиялда гIахьаллъаразда байрам баркана ва лъайкьеялда лъикIал хIасилал рихьизарурал мугIалимзабазе кьуна Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан **Муса КъурамухIамадовас** ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

МугIалимзабазда байрам баркун кIалъана МелъелтIа аслияб школалъул цIалдохъан **Марям МухIамадгIалиева**, ДРялъул мустахIикъав учитель, гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан **СагIидбег МутагIилов**, районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул гIуцIиялъул нухмалъулев **Зайид ХIусенов**, Ингишо гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъул мугIалим **Анжела ГIабдулкъадирова** ва цогидалги.

Ингишо росдал администрациялъул нухмалъулев **Камал Бибулатовас** гьеб росдал школалъул мугIалимзаби Будун КъурамухIамадовасе, Анжела ГIабдулкъадировалъе грамотаби ва гIарцулал сайгъатал кьуна.

Спорталда рихьизарурал лъикIал хIасилазе ва гIунбачIунеб гIелалъул спорталде рокьи бижизабиялъе гьабулеб хIалтIуе гIоло Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министр ШагьгIабас Шагьовасул ва сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб тIобитIараб спортакиадалда гьабураб жигараб гIахьаллъиялъе гIоло Болъихь районалъул спорткомитеталъул рахъалдасан грамота кьуна ЧIиркъатIа ДЮСШялъул тренер Чакар Шихшалаевалъе.

Гумбет районалъул цIалул церехъабазул слеталде рачIун рукIана 173 цIалдохъан. Гьезие районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан грамотаби ва сайгъатал кьуна.

Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул коллективалъул гIахьалчагIаз ахIана кучIдул.

**ГIайшат Исламбиева**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## ЦIияб Данухъ – мугIалимасул къо

**ЦIияб Данухъ гьоркьохъеб школалда 5 октябралъ мугIалимзабазул къоялда бан, тIобитIана рохалилаб тадбир. Гьеб тадбир бачана школалъул гIуцIарухъан СагIидбег Ахъаевас.**

Баркиялъулаб кIалъай гьабуна школалъул директор **ГIисахIажи Юнусовас**, СПКаялъул нухмалъулев **Якъубдибир Аминтазаевас**. Гьенир рехсана бащдаб гIасругIан заманалъ росдал лъималазе тарбия кьурал гьанжесел мугIалимзабазулги мугIалимзаби ГIабдулманапов МухIамадзапирил, ГIабдурашидов ХIажил, Салатгереев ГIабдулпатахIил цIарал. Гьединго гьенир рехсана гIемерал соназ школазе директорлъи гьабурал Юнусов ГIисахIажиясул, **Сайпилаев МухIамадил**, гьанже нилъеда цадахъ гьечIев **МухIамадмансуров МухIамадмансурил**, жакаги школалъул хIалтIи течIев мугIалим Ахъаев СагIидбегил цIарал.

Цераразхъана школлъимал, программаялда рукIана мугIалимзабазда баркиял, ахIана кучIдул, гьаруна кьурдаби.

Тадбиралъул ахиралда росдал поселениялъул администрациялъул бетIер **КъурбангIалиев МухIамадица** росдал администрациялъул, лъималазул умумузул, цIалдохъабазул ва СПКаялъул рахъалдасан мугIалимзаби-ветеранал **ГIабдулманапов МухIамадзапирие, ГIабдурашидов ХIажие, Салатгереев ГIабдулпатахIие, СултанмухIамадов МухIамадие,** гIемерал соназ лъималазе тарбия кьуралъухъ, баркала загьир гьабуна ва кьуна гIарцулал сайгъатал.

**Росдал администрация**

ИСЛАМАЛЪУЛ ЩУАБИЛЕБ РУКНУ

# ХIажизабазул баркала

### Аллагь разилъаги хIеж борхизе кумек гьабураздаса

**ГIумруялда жаниб цо нухалъ тIубазе тIад гьабураб Исламалъул щуабилеб рукну гIумруялде бахъинабизе – хIежалде ине къасд, анищ цебегоялдаса букIаниги, дир мурад 2017 соналъ тIубана. ТIолго бусурбабазе гIураб баракатгун, лъикIлъигун, къабулаб хIежгун тIадруссун ратаги киналго хирияб ракьалдаса.**

Абулеб букIана исана хIеж борхизе дунялалъулго пачалихъаздаса 3 млн. чи (араб соналдаса 2 нухалъ цIикIкIун) вачIанин, гIицIго Дагъистаналдаса 10 азарго чи вугин.

«Марва-тур» фирмаялде кьун рукIана Гумбет районалъул МелъелтIа росулъа ичIгояз документал, микьабилеб рейсалъул лъабабилеб 42 чи вугеб кьокьаялде гьорлъе ккана ниж. Гьеб группаялъе нухмалъи гьабулеб букIана Хунзахъ районалъул Мущули росулъа Шамил ХIажиевас. Группаялда рукIана ЛъаратIа, Хунзахъ, ЧIарада ва цогидалги районаздаса руччабиги бихьиналги.

ХIежалъул ва гIумраялъул рукнаби тIуразе сапаралде рахънеладе МахIачхъалаялдаги СагIудиязул ГIарабиязул ракьалде щведалги, гьеб рейсалда унезул щуябго группаялда ругезе цадахъги, батIа-батIа группабазеги малъа-хъваял гьаризе дандеруссинал тIоритIана. Гьенир лъикIал вагIзабигун цере рахъана щуябго группаялъе нухмалъулев, Хунзахъ районалъул ГIобода росулъа СагIид-хIажи Аминтазаев, лъабабилеб ва ункъабилеб группабазе нухмалъулел Мущулиса Шамил-хIажи ХIажиев, Казбек районалъул Хубаралдаса ГIабдулагь ва цогидалги.

ХIежалде унагорачIунаго, хирияб Макка-Мадинаялда, Минаялда, ГIарафаталда гьалмагъълъиялъулгун хIал рекъезаби, адабалда, сабруялда рукIин, хIежалъул рукнаби тIураялда цадахъго, аслиял шартIаллъун кколелъи бичIчIинабулаан вагIза гьабураз.

«Марва-туралъул» хIаракаталъ батила, хIажизабаз гIарз бахъиялъул хIужаби ккечIо. ХIадурарал, жанир санагIатал шартIазул рукъзалгун гостиницабиги, зияратаз унелъуре рекIине автобусалги, цоги хIажатабги чIезабун букIана.

Ниж хасго рохараб, разияб ишлъун ккана 8 кьо Мадинаялда базе рес щвей, сордокьоялда жаниб цIикIкIарасеб заман гьениб мажгиталда гIибадат гьабулаго ин.

Хирияб Равзаялда МухIаммад аварагасе (с. т. гI. в.) саламги кьун, БакъигIалъул хабалазде ва цоги хирияб бакIазде зияратги гьабун, КагIбарукъалда сверун тIавафги гьабун, ГIарафаталда, Сафа-Марваялда дугIабиги гьарун, Минаялда сардалги ран, хIежалъул, гIумраялъул арканалги тIуран тIадруссин Аллагьас щукру гьабизе ккараб иш буго. Аллагьас къабул гьабун батаги кинавзулго хIеж, гIадада гьабурабльун батугеги гьеб хирияб ракьалде сапар, кьеги киналго бусурбабазе сабру, иман, цIунаги къварилъи-балагьалдаса.

Бокьун буго газета гьоркьоб ккун, микьабилеб рейсалъул лъабабилеб группаялда хIеж борхизе аразул рахъалдасан баркала кьезе «Марва –тур» фирмаялъул нухмалъулезе, кьокьаялъул нухмалъулев Шамил ХIажиевасе, рейсалъул бетIер СагIид Аминтазаевасе; Шамилил кумекчильун, кваранабаб квер гIадин сапар байбихьаралдаса рокьоре щвезегIан вукIарав МелъелтIаса МухIамад ХIамзатовасе ва гь. ц. гьез нижее гьабуна ракIбацIцIадаб хъулухъ, гIодобе биччараб, сабруяб накъит, хIеж борхизе гьездасан нижее щвана кIудияб кумек. ХIеж борхулел ригь аразе васаллъун, гIелбащадазе вацаллъун, гьитIинназе эмен гIадинал рукIана гьел. Лъабабилеб группаялъул хIажизаби гIадин Аллагь разильаги нужедаса, кирилъун хъвайги нижее гIоло бицараб хабарги, бахъараб хIетIги. Аллагьас кIодо гьареги нуж, рохун хутIаги хьизан-лъималаздаса. Цадахъ ругел гьалмагъзабазе кумекалъе рахъине хIадурал, нижер тIалаб-агъазалда рукIарал МелъелтIаса вацал Каримудин ва Халид Халидовазеги баркала кьола. Гьазиеги гьарула сахлъи, рохел, икъбал, халатаб гIумру.

**Къурмагьиз ХIадисова**

КЪЕЦАЛЪУЛ ЦЕРЕХЪАБИ

# Машинабазулгун технологиязул станция – росдал магIишат цебетIеялъе къучI

### Пахрудин ГIалихIажиевасе кьуна «Регионазул меседил фонд» орден

**Гумбет районалъул вакил Пахрудин ГIалихIажиевасе щвана регионалияб цебетIеялъул «Перспектива» фондалъул жамгIияб шапакъат - «Регионазул меседил фонд» орден.**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас «Регионазул меседил фонд» орден кьуна «МТС Гумбетовская» МУПалъул нухмалъулев Пахрудин ГIалихIажиевасе.

Пахрудин ГIалихIажиев гьеб шапакъаталъе мустахIикълъана 2017 соналъул 21 сентябралда Сочи шагьаралда тIобитIараб Россиялъул регионазул предпринимателазул «Человек года – 2017» къецалда, гьитIинаб предпринимателлъи цебетIезабиялъе гIоло.

Орден кьолаго администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна: «Пахрудин ГIалихIажиевас гьеб муниципалияб предпринимательлъи жиндирго хIаракаталдалъун гIуцIана. МТСалъе босана техника. Рекъул, рецул, бачIин бакIариялъул заманалда магIишатазе техникаялдалъун кумек гьабула, хъулухъалъухъ багьаги цIикIкIун босуларо. Гьеб предприятие гIуцIаралдаса магIишатазда агротехникаялъул болжал цIунун тIоритIула росдал магIишаталъул хIалтIаби», - ян.



**«Гумбет» РИО**

МЕСТНОЕ САМОУПРАВЛЕНИЕ

# 75 услуг по принципу «одного окна»

**В администрации муниципального района, под председательством заместителя главы района Рурухмы Халидова состоялось очередное заседание рабочей группы по подготовке технологических схем муниципальных услуг.**

В рабочую группу наряду с руководителями учреждений района, предоставляющих муниципальные услуги, входят и представители филиала МФЦ: директор **Омар Магомедов** и юрист **Асият Абдурахманова.**

Речь идет об 75 муниципальных услугах предоставление которых организовано в многофункциональном центре по принципу «одного окна».

Заместитель главы района напомнил присутствующим об сроках завершения разработки, согласования и утверждения технологических схем муниципальных услуг и о недопустимости нарушения этих сроков.

Асият Абдурахманова разъяснила порядок разработки, согласования и утверждения административных регламентов и технологических схем муниципальных услуг и выразила желание оказать содействие и помощь по согласованию технологических схем.

В ходе заседания также обсуждены другие проблемные вопросы, намечены пути и способы их решения, ответственным исполнителям даны конкретные сроки завершения работы по работе с технологическими схемами.

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

# Акция «Электронный гражданин»

### Более 4000 жителей района получили доступ к ресурсам электронного правительства

**В филиале МФЦ по Гумбетовскому району продолжается акция проекта «Электронный гражданин». В рамках проекта уже более 4000 жителей района получили доступ к ресурсам электронного правительства на всей стране.**

В целях информирования населения специалисты центра «Мои документы» по Гумбетовскому району еженедельно посещают населенные пункты Аргвани, Чирката, Игали, Ардерих, Нижнее и Верхнее Инхо, Килятли, Цилитли и т. д. Практически, без отрыва от учебного процесса проводится регистрация преподавателей и учеников школ образовательных учреждений района в Единой Системе Идентификации и Аутентификации (ЕСИА). В некоторых населенных пунктах установлены красочные плакаты-баннеры с информацией об электронных услугах.

В процессе регистрации, население района знакомят с преимуществами получения электронных услуг, с порядком и технологией их предоставления.

«В рамках «дорожной карты», в ближайшее время, намечены посещения образовательных учреждений района специалистами центра и приглашение учащихся школ в центр «Мои документы», с целью более детального ознакомления молодежи района с порядком и преимуществам оказания услуг в электронном виде» - отметил директор центра Омар Магомедов.

Главная цель проекта «Электронный гражданин» - повышение электронной грамотности населения.

**МФЦ**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.